



Pou Piblikasyon Imedya: 21/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 23 MILYON DOLA POU PWOGRAM DEVLOPMAN EKONOMIK KOMINOTÈ KLE YO

*Finansman sipòte pa Faz XIII Inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la*

*Pwogram yo pral ede renove 101 kominote atravè eta a lè yo sipòte planifikasyon ak devlopman kominote entelijan, dirab, ekitab ak fleksib.*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo te bay plis pase 23 milyon dola pou sipòte 101 kominote atravè eta a atravè yon pati nan Faz XIII Inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) la. Prim lan pral ede ankouraje planifikasyon, devlopman ak konstriksyon kominote entelijan, dirab ak ekitab pwojè ki konsantre sou amelyorasyon ekonomik, kominotè, anviwònmantal ak lwazi ki aksesib nan tout rejyon New York yo.

"Yon investisman nan kwasans entelijan ak devlopman kominote dirab se yon investisman ki pral pote fwi pou jenerasyon k ap vini yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwogram sa yo se eleman esansyèl nan efò inovan aksolid Eta a pou kreye yon avni ki pi pwospè, ekitab ak dirab pou Nouyòkè ki gen tout orijin, revni ak kapasite."

**Gouvènè Adjwen Antonio Delgado, ki se Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo, te deklare.** "Se konsa nou bati yon avni ki pi ekitab atravè eta nou an. Lè nou investi nan kominote nou yo ak finanse pwogram devlopman ekonomik enpòtan, nou kapab asire ke plis Nouyòkè gen aksè ak opòtinite, zouti ak resous yo bezwen pou yo reyisi."

**Sekretè Deta Eta New York la, Robert J. Rodriguez, te deklare,** "Devlopman kominotè dirab, ekitab ak rezistan fòme kolòn vètebral renesans New York nan revitalizasyon kominotè ak anba lavil. Prim sibvansyon sa yo pral ede redinamize litoral yo, re-imagine ak redevlope sit endistriyèl ki abandone yo epi kreye katye ki rezistan epi ki dirab sou plan anviwònmantal."

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Prim sibvansyon sa yo ki finanse atravè inisyativ REDC la reflekte pwojè ak pwogram k ap konsevwa aktivman yon avni dirab pou New York, youn ki mete aksan sou kwasans entelijan ak bati sou fòs rejyonal yo. Lè nou revitalize litoral

yo epi bay ansyen zòn endistriyèl yo nouvo lavi, n ap ranfòse estratejik ekonomi lokal yo toupatou nan eta a."

Yo te bay finansman atravè kat pwogram Depatman Deta (Department of Stat, DOS)—[Pwogram Revitalizasyon Bò Lanmè Lokal](#) (Local Waterfront Revitalization Program, LWRP); [Pwogram Zòn Opòtinite pou Sit Endistriyèl yo](#) (Brownfield Opportunity Area, BOA); [Planifikasyon ak Dekoupaj pou Kwasans Entelijan](#) (Smart Growth Planning and Zoning); ak [Pwogram Planifikasyon Rezistans nan tout Konte pou yon Kwasans Entelijan](#) (Smart Growth Countywide Resiliency Planning program).

Gen yon lis konplè benefisyè DOS yo ki disponib [isit la](#). Finansman pou pwogram sa yo te enkli nan Faz XIII Inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la. Konsèy Rejyonal yo te revize pwojè yo epi yo bay te nòt ki refilete ki jan yon pwojè an akò ak objektif ak estrateji yon rejyon.

Ou ka jwenn lis konplè benefisyè faz XIII REDC yo [isit la](#).

DOS bay kominote yo resous pou sipòte revitalize litoral pa yo, redevlope zòn endistriyèl abandone yo, epi planifye ak fè dekoupaj nan direksyon yon avni ki pi solid ekonomikman ak anviwònmanalman atravè kwasans entelijan ak rezistans klimatik.

Kat pwojè yo se:

- **Pwogram Revitalizasyon Bò Lanmè Lokal**—16.4 milyon dola pou 47 kominote
- **Pwogram Zòn Opòtinite pou Sit Endistriyèl yo**—2.7 milyon dola pou 12 kominote
- **Pwogram Planifikasyon ak Dekoupaj Kominote pou Kwasans Entelijan**—3 milyon dola pou 37 kominote
- **Planifikasyon Rezistans nan tout Konte pou yon Kwasans Entelijan**—950,000 pou 5 kominote yo

### **Pwogram Revitalizasyon Bò Lanmè Lokal (16.4 milyon dola)**

Pwogram Revitalizasyon Lamè Lokal (Local Waterfront Revitalization Program, LWRP) bay kominote yo sibvansyon pou yo devlope yon plan kominotè ki gen yon vizyon pou bò lanmè yo, ki gide pa plizyè politik anviwònmanal pou asire pwojè yo travay an amoni ak resous natirèl bò lanmè yo ak ekosistèm yo. Kounye a genyen 93 plan LWRP apwouve nan Eta a ki reprezante 113 minisipalite yo.

Pwojè yo finanse atravè Fon Pwoteksyon Anviwònmanal (Environmental Protection Fund, EPF) LWRP la ede kominote lokal yo elaji aksè piblik yo ak pwoteje anviwònman an, pandan y ap ranfòse tou opòtinite pou touris ak devlopman ekonomik. Sibvansyon sa yo kouvri yon varyete pwojè planifikasyon, konsepsyon ak konstriksyon ki konsantre sou amelyorasyon ekonomik, kominotè, anviwònmanal ak lwazi. Gen yon lis kominote k ap resewva sibvansyon LWRP yo ki disponib [isit la](#).

### **Pwogram Zòn Opòtinite pou Sit Endistriyèl yo (2.7 milyon dola)**

Pwogram Zòn Opòtinite pou Sit Endistriyèl Dezafekte (Brownfield Opportunity Area, BOA) transfòme sit endistriyèl ki dezafekte yo - katye oswa zòn nan yon kominote ki afekte negatif pa kondisyon anviwònmanal reyèl oswa aparàn - soti nan obligasyon yo rive nan byen kominote yo. Pwogram lan bay sibvansyon planifikasyon pou plan BOA yo ke yo soumèt bay Sekretè Deta Eta New York la pou apwobasyon oswa "deziyasyon". Pan BOA yo deziyen yo resevwa finansman Eta priyorite epi yo gen dwa tou pou yon lòt 5% kredi enpo pou reyamenajman zòn endistriyèl ki dezafekte yo nan kad Pwogram Netwayaj Sit Endistriyèl Depatman Konsèvasyon Anviwònman la. Pwogram BOA bay tou sibvansyon pou aktivite pre-devlopman nan BOA Eta a deziyen yo, tankou syans anviwònmanal, lojman ak ekonomik, analiz enfrastrikti, estrateji maketing, angajman piblik ak mizajou dekoupaj zòn ak reglemantasyon ak Evalyasyon Anviwònmanal Sit Faz II; epi sa ki nouvo nan pwogram nan ane sa a, se pre-planifikasyon nan tout konte a pou idantifye ak fenvantè nan sit endistriyèl yo ki vid ak abandone nan yon gwo zòn jewografik. Kounye a, Eta a gen 71 BOA ki deziyen. Gen yon lis kominote k ap resevwa sibvansyon BOA yo ki disponib [isit la](#).

### **Pwogram Sibvansyon pou Planifikasyon ak Dekoupaj pou Kwasans Entelijan (3 milyon dola)**

Pwogram Sibvansyon pou Planifikasyon ak Dekoupaj Zòn lan bay kominote yo sibvansyon pou yo devlope plan konplè ak òdonans dekoupaj zòn minisipal yo, ansanm ak plan zòn siblab ak dekoupaj zòn yo, tankou anba lavil yo, distri biznis santral yo ak distri devlopman transpò piblik yo. Kominote yo dwe angaje pou entegre prensip Kwasans Entelijan nan planifikasyon ak zonaj yo. Gen yon lis kominote k ap resevwa sibvansyon Planifikasyon ak Dekoupaj pou Kwasans Entelijan ki disponib [isit la](#).

### **Planifikasyon Rezistans nan tout Konte pou yon Kwasans Entelijan (950,000 dola)**

Pwogram sa a bay konte finansman pou devlope plan nan tout konte a ki adrese rezistans, risk ak vilnerabilite chanjman klimatik, epi idantifye estrateji pou planifikasyon ak egzekite pwojè nan yon fason sosyal, anviwònmanal, fiskal epi ki ekonomikman dirab. Gen plis enfòmasyon sou opòtinite finansman sa ki disponib [isit la](#). Gen yon lis kominote k ap resevwa sibvansyon planifikasyon Rezistans nan tout Konte pou yon Kwasans Entelijan ki disponib [isit la](#).

Tout sibvansyon ki anwo yo finanse atravè EPF Eta a, ke Gouvènè Hochul te ogmante soti 300 milyon dola rive 400 milyon dola nan bidjè ki adopte pou ane fiskal 2022 a. Depatman Deta, atravè Fon Pwoteksyon Anviwònmanal la, bay sibvansyon korespondans sou yon baz konpetitif bay antite ki elijib yo.

### **Enfòmasyon sou Demann Finansman Konsolide**

Yo te kreye Demann Finansman Konsolide a pou senplifye ak akselere pwosesis demann sibvansyon an. CFA a sèvi kòm sèl pwen dantre pou jwenn aksè a finansman devlopman ekonomik yo, sa k ap garanti aplikan yo p ap gen pou pèdi tan ant plizyè ajans ak sous san okenn mekanis pou kowòdinasyon. Ou kapab enfòme plis sou CFA a [isit la a](#).

### **Konsènan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo**

Inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la se yon eleman enpòtan nan apwòch Eta a sou investisman ak devlopman ekonomik Eta a. An 2011, 10 Konsèy Rejyonal te kreye pou devlope plan estratejik alontèm pou favorize kwasans ekonomik pou rejyon yo. Konsèy yo se patenarya piblik-prive ki fòme avèk ekspè lokal ak pati prenanan nan biznis, inivèsite, gouvènman lokal ak òganizasyon nongouvènmantral yo. Konsèy Rejyonal yo te redefini fason New York envesti nan travay ak kwasans ekonomik lè yo mete an plas yon apwòch kominotè, asandant epi etabli yon pwosesis konpetitif pou resous Eta a. W ap jwenn plis enfòmasyon sou [regionalcouncils.ny.gov](http://regionalcouncils.ny.gov).

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)